



# Egzamen elijiblite w pou Èd Siplemanntè pou depans nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon: Kèk bagay ou ta dwe konnen

## Ki sa ki andedan

Ki lè Sekirite Sosyal pral fè egzamen sa a?	1
Ki jan Sekirite Sosyal pral kontakte m?	1
E si m bezwen èd pou m ranpli fòm nan?	2
Ki kalite ajisteman ki pral fèt nan Èd Siplemanntè mwen an?	2
Ki sa k pral rive si m pa voye fòm egzamen an tounen?	2
Ki jan m ap fè konnen ki desizyon Sekirite Sosyal te pran lè yo te fè egzamen an?	2
Ki jan m ka jwenn plis enfòmasyon?	2

Si w ap resevwa Èd Siplemanntè pou depans nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon, Sekirite Sosyal ka kontakte w detanzantan pou egzamine estati w. Egzamen sa a pral asire ou toujou elijib pou Èd Siplemanntè a epi ou toujou ap resevwa tout benefis ou sipoze resevwa yo.

Si yo pa chwazi w pou yon egzamen, pa pral gen ankenn chanjman nan montan Èd Siplemanntè w ap resevwa a.

## Ki lè Sekirite Sosyal pral fè egzamen sa a?

Yo fè egzamen yo chak ane, abityèlman nan fen mwad out.

## Ki jan Sekirite Sosyal pral kontakte m?

Nou pral voye yon fòm ba w pou ranpli, ki rele Egzamen Administrasyon Sekirite Sosyal sou Elijiblite w pou Èd Siplemanntè (*Social Security Administration Review of Your Eligibility for Extra Help, SSA-1026*). Ou pral gen 30 jou pou ranpli epi retounen fòm sa a. Tout ajisteman ki nesèsè nan Èd Siplemanntè a pral anvigè nan mwad janvye nan ane ki vini aprè a. Pa egzanzp, si nou voye yon fòm egzamen ba w nan mwad out 2015, epi ou retounen fòm egzamen an sou 30 jou, tout ajisteman ki nesèsè pou fèt nan Èd Siplemanntè w la pral anvigè nan mwad janvye 2016.

## E si m bezwen èd pou m ranpli fòm nan?

Manm fanmi, moun k ap bay lòt moun swen, ak tyès pati ka ede w ranpli fòm nan. Sekirite Sosyal ka ede w ranpli fòm nan tou. Senpleman rele nou nan **1-800-772-1213**. Si w soud oswa ou gen difikilte pou tandè, tanpri rele nimewo TTY nou an nan **1-800-325-0778**. Ou ka vizite biwo lokal Sekirite Sosyal ou a tou pou jwenn asistans.

## Ki kalite ajisteman ki pral fèt nan Èd Siplemanchè mwen an?

Youn nan sa ki pral site anba a:

- Ankenn chanjman nan montan Èd Siplemanchè ou resevwa;
- Yon ogmantasyon nan montan Èd Siplemanchè ou resevwa;
- Yon diminisyon nan montan Èd Siplemanchè ou resevwa; oswa
- Yo tèmine Èd Siplemanchè w la.

## Ki sa k pral rive si m pa voye fòm egzamen an tounen?

Yo pral tèmine Èd Siplemanchè w la nan mwad janvyè nan ane k ap vini an.

## Ki jan m ap fè konnen ki desizyon Sekirite Sosyal te pran lè yo te fè egzamen an?

Sekirite Sosyal pral voye yon lèt ba w ki pou eksplike w desizyon nou te pran an. Si w kwè desizyon an pa kòrèk, ou pral gen dwa pou fè yon apèl a desizyon an. Lèt la pral eksplike w tou dwa ou genyen pou fè apèl.

## Ki jan m ka jwenn plis enfòmasyon?

Pou plis enfòmasyon konsènan Èd Siplemanchè pou depans nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon, oswa enfòmasyon jeneral konsènan Sekirite Sosyal, vizite **[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)** oswa

rele Sekirite Sosyal nan **1-800-772-1213** (TTY **1-800-325-0778**). Si w rele paske w gen kesyon konsènan yon lèt ou te resevwa, tanpri genyen lèt la avèk ou lè w rele. Sa pral ede nou reponn kesyon w genyen yo.

Pou aprann plis konsènan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon yo ak peryòd enskripsyon espesyal yo, vizite **[www.medicare.gov](http://www.medicare.gov)** oswa rele **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227; TTY 1-877-486-2048)**.

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirite lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou demilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

## Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an **[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)**. Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my* Social Security pou egzamine *Social Security Statement* (*Deklarasyon Sekirite Sosyal*) ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemanchè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay miltilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

## Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Egzamen elijiblite w pou Èd Siplemanchè pou depans nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon: Kèk bagay ou ta dwe konnen  
Review of Your Eligibility for Extra Help With Medicare Prescription Drug Plan Costs: Some Things You Should Know  
(Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense